



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 14 novanm 2013

NOUVO REFÒM TAKS ETA NEW YORK AK KOMISYON EKITE PREZANTE RAPÓ FINAL LA BAY GOUVÈNÈ CUOMO

Rekòmantasyon yo vize pou rann kòd fiskal la pi senp, pi ekitab, nan chèche redwi chaj pou fanmi ak biznis yo, ak kreye kwasans ekonomik

Jodi a, Komisyon Ekite ak Taks Refòm Eta New York te prezante Gouvènè Andrew M. Cuomo rapò final la. Rapò Komisyon an souliye opsyon règleman sou revni net pou modènize sistèm taks aktyèl la avèk objektif pou ogmante senplisite l, ekite, konpetisyon ekonomik ak abòdabilite. Ou ka wè rapò a la: <http://www.governor.ny.gov/assets/documents/greenislandandreportandappendicies.pdf>.

“Mwen vle remèsye Ko-Prezidan yo H. Carl McCall ak Peter J. Solomon, manm Komisyon yo, ak tout moun ki te patisipe nan pwosesis sa,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Depi mwen te eli Gouvènè, administrasyon mwen an te konsantre sou ranvèse repitasyon negatif New York sou taks, amelyore anplis klima biznis nou yo ak aleje chaj chak jou kontribyab yo. Rapò jodia prezante yon lòt etap nan direksyon sa a kòm n ap chèche senplifye kòd taks inital penib ki la lontan, ak pou aleje chaj taks la sou fanmi ak biznis yo nan tout eta.”

Komisyon Taks Refòm ak Ekite Eta New York te kondwi yon revizyon objektif ak konpreyansif sou règleman taks Eta, konsidere fason pou elimine echatpatwa taks, pwomote efikasite administratif ak amelyore koleksyon taks ak aplikasyon.

Rapò a souliye senk pake refòm revni taks net ki pral sèvi kòm opsyon pou konsiderasyon.

- Modènize taks sou lavant pandan y ap finanse asistans a revni fèb ak mwayen ak asistans sou taks pwopriyete anjeneral. Komisyon an afime ke gen fason ki pi pwogresif ak pi bon pou bay asistans taks a moun New York ki gen revni modere ak fèb atravè refòm nan estrikti egzansyon taks sou vant.
- Modifye taks sou pwopriyete pou soulaje chaj la sou fanmi klas mwayèn ak ti biznis yo nan elimine taks sou 73% of New Yorkè ki ta egzije pou peye l. Komisyon an afime ke lwa sou taks sa mal sible kontribyab ki nan klas mwayèn yo.
- Refòm franchiz taks sou bank ak kòporasyon Eta pou premye fwa pandan deseni pou reflekte

Haitian Creole

pi bon fason biznis yo ap fonksyone nan ekonomi 21yèm syèk la. Komisyon an afime ke estrikti fiskal franchiz debaz kòporasyon yo demode seryezman, konplike frajil epi vilnerab a teknik pou evite taks agresif. Kontribyab ki nan menm sitiyoasyon yo trete de fason diferan, epi nan kèk ka taks la kreye dekourajman pou ogmante aktivite kòporasyon yo nan New York. Taks kredi sou biznis yo ta dwe evalye chak ane nan yon fason transparan pou asire efikasite yo.

- Revize pi bon pratik administrasyon taks sou pwopriyete yo nan fason pou rann sistèm nan pi jis ak pi ekkitab pou gouvènman lokal yo, biznis ak pwopriyete kay. Sistèm administrasyon taks sou pwopriyete eta New York te klase pami sa ki pi ba nan tout 50 eta yo. Komisyon an afime ke administrasyon taks aktyèl la manke ekite ak transparans, epi li reprezante yon chaj konfòmite pou biznis yo.
- Senplifye administrasyon taks yo pou fasilite konfòmite pou biznis ak moun yo nan New York. Komisyon an afime ke anpil aspè nan kòd taks la se yon chaj inital, demode, oswa konvnan pou refòm nan. Pa egzanp, vandè tanporè yo (egzanp machann pyebwa Nwèl yo) dwe ranpli fòm taks sou revni nan menm trimès ki pwograme pou lòt detayan yo. Yo ta dwe pèmèt machann sa yo pou ranpli fòm taks sou revni yo imedyatman apre dènye vant yo. Nwizans nan taks ka egalman aboli, tankou yon taks ki egziste deja sou kategori revni limite ki aktyèlman kolekte sou sèlman 200 kontribyab, ki jenere senpleman \$200.000, pa ane. Lòt refòm potansyèl ta lakoz nan elimine transfè taks sou plizyè milye moun.

Ko-Prezidan H. Carl McCall te deklare, “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a paske li mande m pou m sèvi nan komisyon sa, ak pou pwogrè li deja fè nan rann New York vin pi konpetitif. Finans New York te grandman amelyore nan dènye ane ki sot pase yo, men prosperite ekonomik alontèm nou an konte sou refòm kòd taks la ak asistans taks.”

Ko-Prezidan Peter J. Solomon te deklare, “Modènize taks demode nou an pou rann sistèm nan pi jis ak ekkitab pral yon gwo soutyen pou New York. Nou espere opsyon sa yo pral amelyore ankò klima biznis nou an ak ede nan ankouraje kreyasyon travay.”

James Parrott, Asistan Direktè ak Ekonomis Anchèf Enstiti Fiscal Policy, te deklare, “Pwopozisyon taks vant prensipal Komisyon an gen merit paske li te vin fè pwogrè nan lye eliminasyon egzansyon taks eta sou rad a yon kredi konpansasyon taks pou fanmi ki gen revni modere ak fèb yo, ak alèjman taks sou pwopriyete pou fanmi ki pi nan bezwen yo.”

James W. Wetzler, Ansyen Komisyonè Depatman Taks ak Finans Eta New York te deklare, “Refòm Taks ka konfòme pi fasilman pou kontribyab yo, fè sistèm lan vin pi ekkitab, ak ede nan kwasans ekonomik nan New York.”

Dall W. Forsythe, Pwofesè Adjwen Finans nan Lekòl NYU Wagner ak ansyen Direktè Bidjè nan Eta New York te deklare, “Sistèm aktyèl la vyole prensip règleman debaz sou taks de ekite l ak efisasite l. New York depi lontan ap chèche fason pou senplifye ak rasyonnalize kòd taks la epi mwen ankouraje anpil pa revizyon objektif ak konpreyansif Komiosyon an.

Haitian Creole

Rapò a pral pataje avèk Komisyon Relief Taks nan Eta New York , asistan prezidan pa Mesye. McCall ak Gouvènè George Pataki. Komisyon Relief Taks la ap travay pou ede idantifye fason pou redwi taks eta sou pwopriyete ak biznis yo, ak bay rekòmandasyon pou konsiderasyon nan mesaj 2014 Gouvènè Cuomo a Eta.”

Depi li te antre nan pozisyon an nan ane 2011, Gouvènè Andrew Cuomo te pran etap ki enpòtan nan amelyore klima biznis New York yo ak pou rann taks vin pi abòdab pou New Yorkè yo an mwayèn. Refòm enpòtan te fèt nan Taks sou Revni Pèsonèl Eta a pou ogmante pwogresyon l anjeneral pandan l ap asire ke tout New Yorkè yo peye yon pousantaj taks ki pi ba sou revni anvan lè Gouvènè a te antre nan pozisyon an. Governor Cuomo te egalman pran mezi enpòtan pou redwi gwo chay taks sou Pwopriyete yo nan adopte premye limit sou taks pwopriyete nan ane 2011. Nivo a ap limite ogmantasyon taks sou lekòl ak pwopriyete lokal a de pousan pa ane, oswa to enflasyon an, nenpòt sa ki pi piti a, ak egzansyon etwat limite.

Komisyon Refòm Taks ak Ekite Eta New York, Ko-Prezidan

H. Carl McCall, State University of New York Board of Trustees
Prezidan Peter J. Solomon, Peter J. Solomon Company, LP, Fondatè ak Prezidan

Manm Komisyon Taks Refòm ak Ekite Eta New York

J. Pat Barrett, Prezidan Otorite Devlopman Rejyonal Olympik
Dall W. Forsythe, Ansyen Direktè Divizyon Bidjè Eta New York
David M. Frankel, Ansyen Komisyonè Depatman Finans Vil New York
Thomas H. Mattox, Komisyonè Depatman Taks ak Finans Eta New York
James Parrott, Asistan Direktè ak Ekonomis Anchèf Fiscal Policy Institute
Alan D. Schwartz, Guggenheim Patnè, Prezidan Egzekitif
James W. Mattox, Komisyonè Depatman Taks ak Finans Eta New York
Robert G. Wilmers, M&T Bank, Prezidan ak PDG
Deborah C. Wright, Carver Bancorp, Inc. /Carver Federal Savings Bank, Prezidan ak PDG

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418